

REGIPIOEN LENGGANAN  
SWARA - TAMA :

1 taoen . . . . . f 6,— }  
1/2 " . . . . . f 3,— } njoewoen ka-  
3 woelan . . . . . f 1,50 } bajar roemijin.  
Kénging mbajar saben woelan

RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja . . . . . f 36,—  
1/2 " . . . . . f 18,65  
1/4 " . . . . . f 9,75  
1/8 " . . . . . f 5,25  
Saladjengipoen : saben 1 cm<sup>2</sup> . . . . . f 0,03;  
sekedik - kedikipoen : f 1,50.

Kabar premili alit - alitan : f 1,—  
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-  
san, oetawi dados lengganan, tepang rembag  
roemijin kalijan administratie.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

== Medal saben dinten Djoemoewah. ==

Hoofdredacteur :

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsiipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.

Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius” Djokja.

### NOLÈH MAWINGKING.

ZELFCORRECTIE.

Taoen 1930 sampoen angslœp. Kita ngambah taoen 1931. Tjara bakoel, kita pantjèn kedah damel pétangan toena-batinipoen aksi kita babagan politiek, sociaal lss., wonten ing taoen 1930 waoe. Perloenipoen kanggé tjtjala lampah kita wonten taoen énggal poenika.

Taoen kapengker, pantjèn katah lalampahan-lalampahan ingkang pan-tes dipoenpèngeti. Nanging, sedy a koela ing ngriki, boten damel tja- tetan ingkang talesih. Koela pen- deti ingkang perloe-perloe kémawon, oepami :

„Dajaning malaise ingkang andja- lari paréntah ing ngriki-ladjen nindak- aken pangiridan mawi lampah warni- warni; poatoesan P. N. I.; tjang boetjalan Digoel wonten ingkang kawangsoloekan; herordeningsplan; bestuurhervorming; martamoenipoen G. G. dateng Indo-Chi- na; kasalahan badé njoewak poenale sanc- tie saking sakedik; sasambetanipoen ngri- ki, kalijan Arbeidsconferentie ing Geneve; panglawanipoen koeli-koeli onderneming ingkang andjalari nagari nindakaken pa- niti-priksa; pangrembagipoen paréntah dateng geljkestelling Tionghoa; bangsa Arab nandang aksi politiek; madegipoen Partai Rakjat Indonesia, sarta Perseri- katan Maséhi Indonesia; adegipoen baban- dan kanggé mitoloengi tjang nganggoer margi dajaning malaise; medalipoen P.S. I. I. saking P.P.P.K.I.; mradjakipoen pa- kempalan-pakempalan kopras; kasang- seran-alam ing Likasan toewin Merapi; herzieningscommissie art. 153 bis lan ter- kalijan 161 bis; regent Kristen; volkstel- ling rembag opvoedingsbelasting; 10 ta- oenan djoemeneng dalem Soeltan Nga- jogjakarta; rantjangan pranatan Balé Agoeng; oetoesan wanita dateng Lahore; adegipoen P.P.P.P.A.; . . . lss. . . . lss. . . .”

Ing djagad katoelik oegi katah prakawis-prakawis ingkang pantes dipoenkepèki. Kadosta: adegipoen Poesara Wanita Katoelik; pindah- ipoen pangrèh P. K. W. dateng Soer- rakarta; adegipoen Komisi Tata-tja- ra; kangsal taenanipoen P.P.K.D.; P.P.K.D. santone teges dados: Per- himpoenan Politiek Katoelik di Dja- wa, nampi warga Indonesiër Katoelik; rawoehipoen Pastoer Djawi kekali; sédanipoen P. Hoevenaars; lss. . . .

Poenika sadaja namoeng tjonto- tjonto sawatawis. Toenggilipoen taksih katah.

Sadèrèk! Sampoen dangoe anggèn kita wandawa Katoelik sami toeman- dang wonten ébah-ébah politik toewin sociaal. Lan wohipoen, ing- gih sampoen wonten. Poenika nama nglegakaken manah. Nanging, . . . . . iba saja agenging manah kita, ma- nawi lampahing kamadjengan kita saja santer. Boten kawon kalijan pergerakan ing sadjawining kalangan kita. Kita kedah ngoedi: *sanadjan satitik, nanging mentes, katah ar- tosiipoen toemrap djagad kama- djengan Indonesia*. Prakawis poe- nika, ingkang kedah tansah kita oedi. Mila perloe, saben-saben kita anindakaken *zelfcorrectie*; oet. *mé- tani awaké déwé*.

Tjoba koela wiwitanipoen damel zelfcorrectie waoe. Bokmanawi badé wonten pigoenanipoen toemrap lam- pahing montor - pergerakan kita ing taoen 1931 poenika.

a). *Andoem damel.*

Kiranging madjengipoen pakem- palan kita, bokmanawi margi fata- naning panjamboet damel kita kirang saé.

Kados ingkang koela soemerepi, doemoegi sapoenika, sinten ingkang sampoen poeroen bergerak, poenika ngadat ladjeng dipoentoempoeki pandamelan ngantos ngoendoeng- oendoeng. Terkadang malah langkah saking taken, ngantos sadaja wek- dalipoen telas kanggé ngrembag pa- kempalan. Sampoen mesti kémawon ingkang makaten waoe andjalari kirang saéning panjamboet damel- ipoen.

Dasaring tjang pantjèn béda-béda. Wonten ingkang matekipoen dateng

pergerakan politiek, wonten ingkang dateng sociaal, wonten ingkang dateng ékonomi, wonten ingkang dateng kasoesastran, wonten malih ingkang dateng journalistiek, lss. Awis sanget ingkang tjang satoeng- gal saged njakoep sadajanipoen kanti saé. Prakawis poenika, kedah sami dipoengeti manawi kita mi- lih kaptining pakempalan. Sampoen ngantos tjang ingkang saéning kadadosaken pradjoerit, ladjeng ka- dadosaken kaptin; ingkang matek- ipoen kapoerih anindaki pandamelan seratan ladjeng kapoerih dados pro- pagandist.

Dados kita kedah *andoem damel!*  
b). *Karibedan warni-warni.*

Karibedan ingkang ngéngingi ang- anging tjang (persoonlijk) saged anoemoesi nglentaring panjamboet damel, satemah ladjeng damel moen- doering pakempalan. Manawi balé- grija koela risak, poenika pakem- palan koela mesti toemoet kera, margi loemébet ng arta kontribisi kirang saé.

Mila, kita kedah andjagi: 1. sam- poen ngantos ngadegaken pakem- palan mawi anarik kontribisi, ma- nawi sedyanipoen pakempalan éng- gal waoe sampoen saged katjakoep lan kénging katindakaken ing pa- kempalan ingkang sampoen wonten. 2. Kita kedah ngoedi angédegaken *bank Katoelik* ingkang ageng, sa- gada soeka pitoeloengan dateng sa- daja tjang Katoelik samangsa mang- gih riribed prakawis arta. Koela inggih mangertos, sapoenika sam- poen wonten pakempalan-pakem- palan njélèngi ingkang saged soeka pitoeloengan sakedik kalih kedik. Nanging, ènget, boten sadaja ingkang loemadjeng mrikoé mesti pikantoe- k pitoeloengan. Malah bokmanaw ingkang katjoewan katah sanget.

c). *Raos golongan.*

Kawontenan-kawontenan ingkang koela soemerepi sadangoenipoen koela lélédang wonten djagad per- gerakan, anjoemerepaken koela, bi- lih ing kalangan kita meksa taksih wonten *raos* „ambédakaken” go- longan: soegih kalijan milarat, pri- jantoen kalijan boten, pangkat inggil kalijan alit, manawi tjara Mataram sok kaseboet boeta tjilik karo boeta gedé. *Raos* poenika toemrap sawe- néhing tjang wonten ingkang tipis sanget, tjekapan, lan kandel sanget.

*Raos* ingkang makaten poenika, sampoen mesti kémawon adamel moendoering pakempalan. Raos ma- katen poenika kedah kita birat. Tangkep kita dateng sadaja kéma- won, dalasan dateng satroe pisan kedah soemanak. Djer pepatjoeh tresna ing sapada, poenika boten mawi mawang soegih miskin, an- dap toewin inggil.

Gangsal taoen sapriki, sadèrèk Harjadi ingkang kala samanten tak- sih asma *Soetrisna*, wonten padja- gongan naté ngandika makaten: „Inkang nginggil poeroena toe- moengkoel, ingkang ngandap poe- roena andengèngèk; manawi maka- ten mesti ladjeng petoek (alijas kontak). Dados sampoen ngantos ingkang ngandap ladjeng nebih- nebih. Manawi makaten, sanadjan ingkang nginggil toemoengkoela, inggih boten badé saged gatoek.” Kala samanten koela anjambeti: „Prakawis poenika pantjèn inggih leres. Nanging, koepija-koepija ané- dahaken, prajoginipoen ingkang ing- gil angroemijinana, awit adaptipoen ingkang ngandap mesti adjrih. Ing- kang nginggil manoeit larasipoeh kedah ngemong, ngreksa, nglang- koengi ingkang andap. Oeger poen andap dipoensoekani manah, poe- nika mesti ngalem, tresna, soejoed, dateng ingkang ageng. . . . .”

Koela ngakeni, bilih *perbedaan* poenika pantjèn wonten. Boten sa-

daja kinarsakaken dados ratoe. Boten sadaja dados opsir. Boten sadaja dados H. K. S. -er. Sanadjan maka- tena, perbédaan waoe kedah boten amisahaken. Anggotaning badan, poenika béda-béda woedjoedipoen. Éwadéné saged sasarengan njam- boet damel kanti saé.

Namoeng kémawon, koela inggih meling sampoen ngantos manawi pikantoe- k manah, ladjeng sami nilar katrapasilan.

d). *Amboedjeng betahipoen pi- jambak.*

Manawi panjamboet damelipoen kantja Katoelik angoedi koentjara- ning namanipoen pijambak, angrem- bag prakawis *awaké déwé* wonten parepatan poenika mesti damel sang- saraning pakempalan.

e). *Kirang propagandah.*

Tétéla sanget, dèrèng sadaja ka- dang Katoelik sami malebet ing pakempalan K. W. toewin P. P. K. D. ingkang makaten waoe bokmanawi kirang damangipoen dateng artoe- ipoen pergerakan Katoelik.

Amila, perloe sanget kita nga- wontenaken propagandist ingkang mitjara, saged ngladosi nginggil toewin ngandap. Boten sagedipoen makaten, kita kedah damel propa- gandist kalih, ingkang satoenggal ingkang saged ngempal ngladosi golongan nginggil, satoenggalipoen ingkang saged ngempal kalijan go- longan ngandap.

Sapoenika poenika, inggih sam- poen wonten propagandist. Nanging boten sadaja K. W. sami gadah pro- pagandist; lan boten sadaja propa-

gandist sami njamboet damel.

f). *Watak irèn lan boten blaka soeta.*

Saben-saben wonten pilihan pa- ngrèh, temtoe sami irèn. Inggang makaten waoe kedah kita boetjal. Kita kedah sami awatak *dojan njam- boet gawé*.

Kadjawi poenika, kita kedah awa- tak blaka. Manawi koela mangertos wonten tjang ingkang pantjèn boten badé saged damel adjenging pa- kempalan, sampoen ngantos kita pilih dados kaptining pakempalan. Manawi kita mangertos, bestuur kita kaléntoe tindakipoen, oet. boten njamboet damel, kita kedah *wani* angéngtaken kanti katresnan. Djer pangrèh poenika inggih tjang ing- kang taksih kadoenoengan kléntoe toewin lepat.

g). *Kekijatanipoen para moeda.*

Tétéla sanget bilih para moeda poenika taksih mepeng poenapa- poenanapanipoen. Mila, perloe sanget ing salebeting pangrèh wonten pri- jantoenipoen nèm, (kanti dipoen- awat-awati ingkang sepoeh). Awit, anèmipoen warga pangrèh waoe, katah sagedipoen andajani dateng mepenging pakempalanipoen.

Poenika sadèrèk, lampah-lampah sawatawis ingkang kedah pandje- nengan èngeti. Kirangipoen koela atoeri andjangkepi pijambak. Koela gadah pangadjeng-adjeng, moegi *zelfcorrectie* poenika saged anda- jani dateng lampahing kamadjengan- ing pakempalan kita ing taoen 1931. A. S. D.

### PRADJARAHAJOE.

#### DLADJADING RANDA TANG- GOENG.

(moegi ndadosna panggalihan)

Ing riki koela badé njarijosaken kados poenapa kawontenanipoen dados randa tanggoeng. Para maos Swara-Tama No. 47 21-11-30 kados sampoen ngertos pijambak, jèn da- dos randa tanggoeng poenika sangsa- ra sanget gesangipoen.

Koela sampoen matoer, dados randa poenika jèn randa tanggoeng kawontenanipoen namoeng, omah soewoeng, djogan djembroeng, ati bingoen, soewé-soewé dadi gem- bloeng . . . . .

Grija soewoeng, poenika sampoen samestiniipoen, awit barang-barang ingkang taksih wonten sampoen kasadé kanggé tambal boetoe, kanggé noembasaken tetedan anak- ipoen.

Djogan djembroeng, awit boten wonten ingkang ngrimat lan ingkang kanggé ngrimat inggih boten won- ten . . . . . Manah bingoen poenika mèmper sanget, awit kabekta ngra- osaken panangising anakipoen. . . . .

Dados gembloeng inggih mèmper sanget, awit kabekta anggènipoen ngampet soesah lan gagasan ingkang boten-boten. Lha poenika, salib ingkang No. 1.

Tjobi paramaos koela atoeri ngra- osaken pijambak pijambak! Dados randa tanggoeng makaten katah roebédanipoen.

Randa tanggoeng poenika taksih kepéngin émah-émah malih, awit roemaos taksih ènèm lan taksih katah kasenanganipoen. Nanging jèn ngémoeti sampoen katah anakipoen, manah ladjeng bingoen dangoe- dangoe kados tjang gembloeng, awit wonten ingkang ngalang-alangi. Ning jèn boten émah-émah malih, lang- koeng katah sambékalanipoen l.s.s.

Mangga poenapa boten sangsara lan ngrekaos gesangipoen ?

Ngoemoemipoen jèn wonten randa tanggoeng toer saé roepinipoen poe- nika ingkang katah-katah dados ginemanipoen bangsa prija ingkang taksih moeda-moeda lan oegi katah ingkang sok dipoensembranani.

Samangsa poen randa tanggoeng wonten ing grija, noedjoe-noedjoe wonten ingkang anglèntjèri lan sa-

panoenggilanipoen . . . . . Samangsa medal saking grija boten kirang tjang ingkang ngoengelaken maka- ten: „Waaaah randané tanggoeng lagi kija-kija (mlantjong-mlantjong) golèk-golèk . . . . . mandar dipoen- senggaki „*wafoeh-wafoeh*”

Manganggé rasoekan énggal kados biasa kémawon, kados saweg ing- kang djaler teksih, inggih wonten ingkang ngeroeh-eroehi.

„Waaaah saiki basa dadi randa besoesé!”

Tjobi para sadèrèk koela wanita sadaja koela atoeri anggalih, poenapa randa ingkang kados makaten waoe boten *wirang isin* lan poenapa boten *tjlaka mentjit?*

Manawi randa waoe émah-émah malih inggih wonten ingkang natjad.

„Wong ora njeboet anaké wis ge- mrajah kaja ridjal baé isih demen omah-omah. Heeem bok oewis nri- ma l.s.s.”

Ooo jèn mikir dados randa tang- goeng, . . . . . sampoen djoedeg sanget. O diadjading randa tang- goeng!!! . . . . . Sinten ingkang boten toemoet djoedeg? . . . . .

Sapoenika kados-poendi pandje- nanganipoen bangsa prija, sampoen kok ladjeng kebingahan anggènipoen ngétjé dateng randa waoe. Kok ladjeng remen jèn damel isining bangsa kita Indonesiër pijambak. Setoen-setoen noeloengi soepados gesangipoen saged tentrem, djeboel mandar njoeraki jèn wonten sadèrèk ingkang nandang sangsara. Djeboel remen sanget jèn damel margining dateng naraka alijas anggoda dateng „*pelatjoeran*.” Oo kok wonten-won- tan kémawon!!!

Sampoen-sampoen samanten ké- mawon, seratan koela poenika moe- gi ndadosna penggalihanipoen para sadèrèk koela sadaja, prija miwah wanodya.

Taklim  
Mevr. C. Soetjilah  
Atmasoedarma

#### APOES KRAMA.

Wonten satoenggaling kaoem be- rah taksih djaka. Pinoedjoe djagong, angsal tepangan énggal igggang ngakenipoen dados resisir lan nga- ken taksih premili kalijan djaka

#### ISINIPOEN :

Nolih mawingking—Dladjading wa- randa tanggoeng — Apoes krama — Wawasan babagan panggaotan enz. — Nandang angèl, ngomongaken gampil — Ambon — Wonten poendi lepatipoen — Goentingan Pers—Ing- kang wiwit koela alami saking Be- tawi doemoegi nagari Walandi — Ontjèn sekar gambir melati—Oerap- sari — Correspondentie.

#### GOENTINGAN PERS.

##### Tjina — Tionghoa.

Djman madjeng! Djman aos- ingaosan!

Temboeng Inlander njakitaken kabangsanipoen poeta Indonesia ingkang madjeng. Semanten oegi temboeng Tjina njerikaken ka- bangsanipoen sadèrèk Tionghoa ingkang bergerak!

Pasoelajanipoen Bintang Ma- taram kalijan Sedio Tomo sa- watawis woelan kapengker inggih margi temboeng Tjina, Malah kala semanten redaksi Swara Tama damel pèngget sampoen ngantos sadèrèk ingkang njerat ing Sw. T. migoenakaken temboeng Tjina.

Swara Oemoem mentas damel leloetjon tjang ambanting tjina gangsal. Poenika damel moeringipoen Asin ing Pewa- rta Soerabaja: kénging poenapa déné tjina saben-saben kaanggé ombal-ambilan; kaanggé dolanan. Pak-Seboel-ipoen Swara Oe- moem mratélakaken bilih leloetjon ambanting tjina waoe te- gesipoen ambanting kertoe ing- kang namanipoen tjina. Sami oegi kalijan kala Pak Seboel dadel le- loetjon: ambanting landa, ingkang dipoenkadjengaken inggih ambanting kertoe ingkang nama- nipoen landa.

Asin meksa mangsoeli malih; angakeni saweg mangertos sapoe- nika manawi „ambanting” toemoe- djoe dateng kertoe (tjina) lintrik, sarta ladjeng pitakèn:

„Apa Swara Oemoem kekoerangan leloet- jon hingga moesti rembet-rembet kebangsaan Tionghoa? Asin tahoe dr. Soetomo ada satoe pemimpin jang tidak memandang bangsa, soeka toeloeng-menoeloeng, dan barangkali djoeja tida izini korannya dibikin tempat leloetjon jang tidak senonoh . . . . .”

Kita kedah njaosi pamanggihipoen sanès. Kita kedah boten damel se- rikipoen sanès golongan.

Mila wiwit sapoenika kita kedah moengel:

Tionghoa: . . . . . boten Tjina.  
Tiongkok: . . . . . boten nagara Tjina.  
Kampoeng Tionghoa; . . . . . boten Patjinan.

Prendjak Mataram takèn, jèn: katjang tjina, kembang koetjir-tjina, kita kedah moe- ngel kados-poendi? Jèn koran oetawi tjang Wlandi moengel: Chinese. poenapa kedah kangantos Tionghu wees?

Éwadéné pitoetoer koela poenika boten ateges kita kedah poeroen jèn dipoensoeboet wana sasamini- poen. Awit koela pijambak naté ngalami, wonten média pers dipoensoeboet journalist Tionghoa: sobat. Mangka journalist waoe wonten koranipoen, propa- gandah neda dipoensoeboet lan badé njeboet toean. Lan ing tanah pasisiran lèr, Semarang, Koedoes, sasaminipoen, kantja Tionghoa sami ngokolan njeboet man, dateng tetijang Djawi. Poenapa poenika saé?

Prendjak Mataram.

waoe; kanti njolangaken gatoek- gatoekipoen. Poen djaka satengah pitados.

Let sawatawis dinten, resisir mertamoe dateng panggènanipoen sang djaka.

Perloe?? Nawèkaken sisihan. Sa-

# KABAR SAKING PAKEMPALAN.

PAREPATAN TAOEN WARGA K. W. BLITAR, NALIKA TG. 21 DE. 1930. MANGGÈN ING INTERNAAT PAS-TOERAN BLITAR dj. 9.30 - 11.

I. Pamboeka. Parepatan kabikak kados adat saban. Warga ingkang rawoeh 12, ingkang kintoen soewanten 1. Warga P.L. 3, taome 2 teroes mlebet warga.

II. Maos notulen. Parepatan kapengker kaabsahaken.

III. Jaarverslag K. W.

1. Tjajahing warga. Poengkasaning taon 1929 wonten 14. Poengkasaning taon 1930 wonten 19. Dados tjajahing warga mindak 5.

2. Kawontenaning arta. Salebeting taon '30, arta contributie ingkang mlebet f 44,35

Entree f 8,—

Saldo poengkasaning taon kapengker f 15,84<sup>5</sup>

Goenggoeng f 66,93<sup>5</sup>

Arta medal: Diponeasamboet K. A. f 5,—

Correspondent f 4,—

Kabetahaning K. W. f 6,—

Kakintocnaken dateng H. B. f 5,43

Goenggoeng f 25,53

Saldo taon '30 f 66,93<sup>5</sup> — f 25,53 = f 41,40<sup>5</sup>

3. Pang. K. W. kanggé taon enggal (1930). Warga pangreh wonten 5:

1. Pangarsa: Sadèrèk R. S. Rahadi Goeroe H. I. S. Joh. Gabr. Stichting Blitar.

2. Panitra: Sadèrèk A. S. Martasoedarma Goeroe Tandjoengsari (Sanan Koelon) Blitar.

3. Hardana: Sadèrèk S. S. Harjana: Goeroe H. I. S. Joh. Gabr. Stichting Blitar.

4. Warga roemeks: Sadèrèk R. Poedjasoesanta lan Mej. G. Moertinim.

4. Tjajahing parepatan.

a. Parepatan pangreh kaping 7.

b. Parepatan warga kaping 6.

c. Parepatan miroenggan kaping 1.

5. Padamelanipun K. W.

1) Jasa studiefonds ingkang maksoedipoen ngragadi pasinaoipoen laré Kath. ingkang katjoepetan, mangka laré waoe kénging kaadengaken. Lidipoen 15, gadah arta f 139,70.

2) Jasa Spaarclub (Krida Arta) ingkang toedjoipoen nggegoelang meksa njelengi lan mitoleongi bab arta, samangsa-mangsaba betah. Madeg wiwit 1 Sept. 1930. Lidipoen 20, gadah arta f 111,80.

3) Jasa Krida Witjara (K. W.) ingkang toedjoipoen nggegoelang laré soepados soeka toelada saé dateng kantjanipoen, sarana tetemboengan, lampah, lan padamelanipoen.

4) Jasa Pangroekti Laja (P. L.) ingkang toedjoipoen mitoleongi sadèrèk Kath. ingkang ngadjal lan ingkang kesripahan, soepados raga lan soekmanipoen ingkang ngadjal sampoen ngantos kapinten.

Kala madeg 1/9-30 warga pokok 13.

Poengkasaning taon 12.

Soeda 1.

Warga bati 1/9-30 58.

Poengkasaning taon 56.

Soeda 2.

Arta mlebet Contributie f 5,70

Entree f 7,—

Dana kanggé jasa koeboeran f 4,40

Goenggoeng f 17,10

Arta medal kanggé kabetahan P.L. f 0,58

Saldo f 16,52

Dana sripah f 9.

5) Oeroen dana f 5 saking kas K. W. kanggé pambikaking Grédja Lempong (Medari).

6) Karoekoenan ngoermati penganten. Sadèrèk Hardjapawira, goeroe bantoe Gabroe, ing salebeting Mis lan Idjab, poenapa malih ngeteraken doemoeqi grijaning penganten èstri, Sondoeng Wlingi, njéwa bis Semarang mlampah mantok f 12,50, nganggé arta oeroenan

7) mBenoem Zelateur Sw. T. lan Sw. Kath. Sapoenika Zelateur waoe dipoen-gentosi Mej. G. Moertinim p/a R. S. Rahadi, Onderwijzer, H. I. S. Joh. Gabr. Stichting Blitar. Awit pandjenenganipoen sadèrèk Zelateur Iami (R. S. Rahadi) kekatahen padamelan.

IV. Maos serat: Serat saking P. K. W.

1. Statuten kanggé pakempalan Trijasa; Dipoenroedjoeki.

2. Serat saking commite P. Hoevenaars: soeraoipoen:

a. Neda soepados K. W. karsaa marakamarakaken dateng para sadèrèk Katoelikh Blitar.

b. Neda pitoeloengan dana.

Pangarsa ndjètrèhaken lelabetanipoen P. Hoevenaars dateng missie Djawi.

Poetoesanipoen badé dipoenwonteni comitè kanggé ngoepados dana, dipoenawakawaki pangreh K. W. Sarta badé oeroen dana saking kas K. W. f 2,50.

V. L. S. neda soepados ing Blitar propaganda. Sadèrèk A. S. Martasoedarma kaperih dados Zelateur, sagah kanggé sadèrèk Blitar.

V. Pilihan bestuur. Woedjoeding pangreh kanggé taon 1931.

1. Pangarsa. Sadèrèk R. S. Rahadi Goeroe H. I. S. Joh. Gabr. Stichting Blitar.

2. Panitra: Sadèrèk A. S. Martasoedarma. Goeroe Tandjoengsari (Sanan Koelon) Blitar.

3. Hardana; Sadèrèk S. I. Harjana Goeroe H. I. S. Joh. Gabr. Stichting Blitar.

4. Warga roemeks: Sadèrèk N. G. Soekasoentana lan sadèrèk P. M. Hadisoertirta.

VI. Pitakénan: 1 Panitra soeka priksa, ing Blitar badé wonten pasinaon Apologie, margi oesoelipoen parepatan G. D. Jèn wonten warga ingkang ngersakaken, kénging toemoet sinaoe.

2. Wonten pitakénan bab W. K. Mej. G. Moertinim tjaoes wangsoelan, bilih sampoen karembag kalijan sadèrèk ingkang sampoen damang bab kempalan waoe, ngendikanipoen ing Blitar dèrèng saged madeg. K. W. mrajogékaken wontenipoen pakempalan wanita Kath. nanging sadèrèk ingkang kapasrahan noentoen (ingkang saged noentoen) boten sagah, inggih margi kiranging wanita Kath.

3. Pangarsa nerangaken, bilih bab koeboeran dèrèng kedadusan, awit sampoen keladeng dipoentoemas tijang sanès.

VII. Panoetoep. Parepatan katoetoep, kanti ngloehoeraken Goesti Allah.

Verslaggeefster

## JAARVERSLAG K. W. MEDARI TAOEN 1930.

I. Tjajahing warga:

a. poengkasaning taon 1929 wonten 39.

tambah warga enggal 6

medal margi pindah 5

panjoewoenan 1

kantoen warga 39

b. Warga pangreh taon '30 wonten 7.

1. J. Darmowidjojo — pangarsa.

2. Hr. Siswoharsono — panitra.

3. Hr. Darmowasito — hartaka.

4. Hr. Hadisoeparto — djoeroe noepiksa.

5. Hr. Kresnoamidjojo — djoeroe noepiksa.

6. Hr. Padmopretomo — djoeroe noepiksa.

7. Bp. Djajahardjo — djoeroe noepiksa.

II. Parepatan:

Parepatan warga pangreh kaping 4.

Parepatan warga pangreh kaping 3.

Parepatan warga moergan kaping 1.

Padamelanipoen K. W. ing t. '30.

1. mitoleongi sadèrèk kasangsaran srana pados dana.

2. ndjembaraken tebaning T. D. D. M.

3. ngwontenaken actie mendalam.

4. ndjembaraken tebaning V. L. Stichting.

5. mbenoem Commissie „Tata - Tjara”

6. ngoeroes ingkang sami lengganan „Swaratama”

7. mbijantoe Paskahan ing doesoen Brengosan sarana banda baooe soekoe.

8. Pados dana kanggé kasangsaran Likasan angsal f 7, 85

9. mbijantoe lan pados dana kanggé bikakan Grédja Somaitan angsal f 74, 06<sup>5</sup>

10. ngwontenaken conferentie goeroe-goeroe.

12. ngoermati ra woehipoen P. K. T. Bisschop.

12. K. W. + P. P. K. D. ngedegaken Comité kasangsaran redi Merapi.

Secr. J. Darmowidjojo.

lebetipoen rerembagap, res. namoeng ngoko dateng djaka; mangka nalika tepangipoen sakawit, krama. (Saman ten politiekipoen, soepados dipoenwastani sadèrèk!!). Kodjoeroipoen resisir, déné sadèrèngipoen mertamoe, sang djaka sampoen ngertos (awit sampoen njoelohé?) jèn boten wonten ambet-ambetipoen sadèrèk.

Sang djaka boten kodal déning lemesing ilat oet. legining rembagipoen tamoe. Djer, kadjawi ngertos jèn poenika sanès sadèrèk, ngertos oegi bilih gèkèk petèlipoen namoeng badé ngapoesi (pados arta).

Lidok! Èndjingipoen sang pinda resisir pamit badé glédah dateng Blabang (Magelang), teroes mantok, mawi ndjawab sangoe. Nanging poen djaka boten ngrèwès. Resisir. . . . . nglentoeng. Kapokmo!!!

— o —

Roemijin doemoeqi sapoenika pan-tji tansah wonten kémawon tijang apoes- apoes. Nanging langkoenglangkoeng ing djaman awis arta poenika; saged mewahi tjajahipoen djoeroe apoes; oetawi, djoeroe apoes saja mepeng anggènipoen ndjogèdaken nalar, mindak akalipoen.

Iki djaka! Jèn takdoli remboeg gené, rak mrèbèl doewitè! Poenapa boten djoelug poenika???

Prakawis nginggil poenika, kénginga kagem péngget dateng para moeda (djaka).

— o —

Kanggé ngapoesi prijantoe ingkang sampoen agarwa (ingkang kerep koela sipati prij. goeroe), djoeroe apoes inggih sampoen gadah srana. Inggih poenika ing wekdal prij. goeroe moelang, djoeroe apoes ménda-ménda moerid — dipoenotoes njoewoen arta, (dateng mevr. goeroe). Sareng dipoenparingi ladjeng nggeblas. Oetawi ing nalika saweg kapendetaken, sang pinda oetoesan ladjeng mlebet ndalem pados-pados (najap).

Kanggé mékani prakawis poenika, prajogi jèn oetoesan poenapa<sup>2</sup> mawia serat. Jèn keng garwa boten saged njerat maos (Ta, rak mèlok

**VAN LITH-STICHTING**

Poenapa woelan poenika  
pandjenengan sampoen  
ngintoenaken

**CONTRIBUTIE**

kanggé

V. L. S.

?

**Peningmeester V. L. S.**

p/a 2e. Convict  
Moentilan N. I. S.

## INGKANG KOELA ALAMI WIWIT SAKING BETAWI DOEMOEGINIPOEM NAGARI WALANDI.

I.

Saja tjepak dinten pangkat koela dateng nagari Walandi, saja bingah manah koela. ananging inggih saja deg-degan. Ing mbatos: „Mengko jèn wis tekan ing kono gèk kepriyé?” Kawewahan sareng koela mireng manawi sadèrèk S., saking Seminari Ngajodja oegi inggih badé dateng Europa, sami dintenipoen kalijan koela. Pangkat koela saking Ngajodja sareng. Wonten ing Betawi kalezesan koela maos passasierslijst. Sagnet bingahing manah koela sareng koela soemerep, manawi wonten sarenganipoen sadèrèk Indonésier 6. Batos koela: „Matia ana ing segara jèn prahoéné kèrem ija ana barengané. Bakda pamitan goeroe-goeroe sadèrèk oetawi mitra-mitra, koela ladjeng noempak montor dateng Tandjoeng Priok. Sareng badé minggah baita, manah kraos gregal-gregal. Doemadakan ladjeng pinanggih kalijan sadèrèk-sadèrèk Indonésier ingkang koela sebat ing nginggil waoe. Ingrikoe kapanggihipoen ladjeng saé sanget, tangkepiipoen kados sadèrèk noenggil bapa bijoeng. Koela kalijan S tilemipoen noenggil sakamar, kalijan kawewahan Walandi satoenggal. Nanging inggih ndilalah, Walandi waoe inggih saé sanget tangkepiipoen. Dangoe - dangoe koela mireng manawi Walandi waoe noenggil goeroe kalijan kita alijas Katholik.

Ngok-ngoek-ngoek goek ingkang kaping tiga moengel, baita ladjeng kagèrèd medal saking palaboehan. Ing wedal poenika ladjeng katah tetinggalan. Wonten ingkang oetjek-oetjek mripat, wonten ingkang djingkl-djingklak sarwi bengak-be-

ngok menjani, wonten ingkang ngawé-awé mawi sapoet tangan, mawi toedoeng, mawi teken lan sanès - sanèsipoen,

Djam 1 antem kromo. Petedan ingkang dipoenladosan saé sanget. Kotjapa sareng sampoen djam 1.30, bakda neda, ombakipoen saja ageng, koela miwiti kraos jer-jeran. Padaran raosipoen kados dipoeninteri, raosipoen moeneg-moeneg. Sirah kraos moemet, sanggingilipoen mentas noempak bandoelan dipoensoendoel-poejoeh. Tetedan ètja-ètja, ingkang koela lebetaken waoe sanalika koela wedalaken malih, medal margi ingkang sanès mestinipoen:— „È, apa iki kang dina maboek laoet oetawa zeeziekte!” Sasonten ladjeng boten saged késh saking patileman. Saja goegoer raosing manah koela, sareng kanta-kanta koela sami minggah dateng dek; koela kantoen pijambakan wonten kamar.

Koela ladjeng gadah pikiran ingkang boten-boten: „Ana samodra Djawa baé wis kaja mengkono, jèn bakda Sabang gèk kapriyé. Jèn nganti toemeka ing Marselle ora bisa ndjeg-gèlek, nak ja ora weroeh apa-apa!” Koela ladjeng linggihan, delag-deleg kados ketèk dipoentoeloep, toewin anggadabi pangraos heimwee. Kados wonten ingkang njoewanten tanpa oedjoed: „Balja baé, ana ing nagara Landa perloené apa, ing Betawi rak ija ana sekolah!” Manah koela ladjeng kantoen samenir, kados-kados inggih namoeng badé wangsoel kémawon.

Ananging sareng koela gagas ingkang kalajan pandjang, sareng manah sampoen radi soemèlèh, manah

kodjoeroipoen wanita boten wanoeh abel), ingkang kaoetoes kémawon kaadjegna; sampoen sontan-santoen. Jèn kalih-kalihipoen meksa boten toemindak, sang mopro kémawon

karsaa niti priksa njata oetoesanipoen sang menir saestoe poenapa sanès.

Hoermat.  
Gadjah Madha.

# ECONOMIE.

## WAWASAN BABAGAN PANGGAOTAN LAN PANGGESANGAN.

Sapoenika mangga sami mawas gesang kita pijambak, anak-Indonesia ing tembé wingking wonten ing madyaning among dagang lan ngajak sandang teda, mangga.

Manoet ipé koela ingkang wonten ing Betawi, tjarijipoen makaten: Kedjawi ing Djakarta poenika saja dangoe saja katingal nggeng-sengipoen ada priboemi ing babagan panggaotan, boten ing babagan kadradjadan, ingkang tjeta bab gesangipoen barbiar. Wonten ingrikoe tjeta jèn kita badé saged oenggoel.

Tjara ngrika barbiar ingkang pantes, gadah papan pijambak, boten ider, sadaja bajaranipoen f 0,50, sèket sèn. Barbiar Bombay, ageng, ndjenggarang, amot tjang 12, bregas, inggih f 0,50; barbiar Hasan, tengah kampoeng, isi pengilon kalih: f 0,50! Ewasamanten Hasan saged gesang, tegesipoen: sèket sèn sami sèket sèn meksa wonten ingkang milih Hasan, sanadjan sanget pesadjanipoen, kirang resikipoen, kirang ing samoedajanipoen, ngèneti: sami déné Indonesia. Lo, teka samanten!

Terkadang barbiar kalih warni waoe djèdèr toenggil tritis! éwadéné sami saged gesang. Ing mangka tjarijipoen ipé koela waoe: oepami Bombay namoeng tapi f 0,50, sèket sèn, poenika Hasan leresipoen katah-katahipoen namoeng kénging neda f 0,30! Ewadéné boten, taripipoen Hasan lan Bombay sami: f 0,50!

Lo, oepami raos makaten poenika saged saja djembar tebanipoen rak mbejabani, mbejabani toemrap. . . . bangsa mantja! Temtoe kémawon poen Hasan sanadjan wonten ingkang ngersakaken, boten kénging ladjeng sembrana, kekatahen omong, kela-doeken oemoeipoen lan kesèd ngasah péso-goentingipoen miwah soengkan njaponi djoganipoen njakèkan papan lan pirantosipoen. Emanipoen tjatjad sedaja poenika waoe adatipoen Hasan api-api roemaos boten gadah.

Hml poenika margi kiranging. . . . seserepan lan pengatos-atos! Tjatjad angka satoenggal toemrap kanta kita jèn pinoedjoe nindakaken damel: kekatahen omong! ingkang mretandani: djirih, kesèd, kirang tanggon! Kita boten kénging mekaten, jèn nedyia menang kedah ngetog kejijatan, gemi dateng tindak ingkang tanpa tandja.

„Njela, mas Andaja, kawontenan barbiar Betawi waoe poenapa wonten tjendoekan kalijan kawontenan sanès: inggih poenika margi djoem-boehing koelil lan basa saged an-

djalari sahabiprija?” Wonten! tjontonipoen negari Welandi: 25 taoenan kapengker, ing tanah Welandi pangetjapan ingkang dados gadahanipoen tijang ngaman-tja katah ingkang peng-pengan, prasasat ndepani djagad-boekoe lan seserepan. Sapoenika? nihil, kedjawi setoenggal, èmoet koela: Meulenhof (Djerman).

Mangka katah tilas-tilasipoen ingkang nélakaken soewaoe katah pangetjapan darbèkipoen tijang Perantjis lan Djerman ingkang atos, sapoenika: Wolters lan van Goor en Zonen katingal mondjo pijambak.

Sebab poenapa? Sebab pangetjapan nasional waoe langkoeng saged ngladosi betahipoen kantjanipoen pijambak: ing bab pamilihing aksara, isi lan wangoening boekoe lss.

Mekaten oegi dinten wingking, jèn soedagar lan ahli manggaota Indonesia ngrika sampoen saged madeg pijambak, temtoe langkoeng saged ngladosi sadèrèkipoen pijambak, ngladosi raos-roemaos kita, noedjoe manah kita.

Anggènipoen pinten-pinten taoen tijang Djawi boten patos nengaken dagangan poenika margi s a p i s a n : ingkang dipoenimpi-impri kedadradjan kaping kalih: dèrèng patos roemaos kaplèpèd, arta taksih katah aosoepoen, seserepan dèrèng katah.

Sareng sapoenika, seserepan sampoen katah ingkang gadah, ngantos tirah, diploma kerep tanpa aos, toer ndadak ngertos lan roemaos gesangipoen saja kepilèpèd, kepilèd! Hm, ngrika nge-soek mawi giligan gendis, ngrikoe ngajak mawi tjangklong, (Tionghoa tékan), ngrika ngagar-agari pedang lan diploma (pamaréntah lan intellect ngamantja), kita dawah plongo lan lingoeok lan wo, piyé, ngendi dalané: lemah disoek, intellect boebroek, dagangan. . . . lah bok menawa! goel bali oempeok mbatjoet! Lo, makaten gambaripoen. . . . . Tandaniipoen?

Sapoenika poendi-poendi sadé aandeel, bikak toko, ngedegaken cooperative, Jasawidagdhan ngonjok-onjokaken polis Pégéhabé, Roektiwoeri mèsèm, Hartadaja dhèm, Réna mrèngès, Harabah mbekos! O.L.Mij Boemipoetera ngereng. . . . mèh samljoen! Bandaloemaksa ndjengerger (Solo, Kasoenan). Sinten soemerep, jèn sanès dinten bus-Indonesia badé pating kleper. . . .

Lo, poenika gamplanipoen, katja benggala ingkang tjepak, adakan, ngantos sepoe<sup>2</sup> ki Hadjar Déwan-

toja. Ladjeng kanggé oper-operan kalijan djadjaka sanès, sedaja mawi welah; tebihipoen wonten manawi kalih dasa mèter. Roemaos koela wonten sanginggilipoen tijang sami main tennis.

Sapoenika gantos tetinggalan wonten ing daratan.

Inggang koela soemerepi, bakda medak saking kapal, oepas-oepasipoen. Pakèjanipoen ingkang angemoedjengaken sanget. Pètipoen, djené dril, djas lan sroewalipoen inggih djené, nanging sroewal tjekak. Koela ngantos semlengeren ningali oepas waoe. Manawi koela premanemaken ngantos dangoe, kados sanès oepas, nanging laré sekelahan ingkang sadjakipoen mbedjoedjak (stoute jongen).

Sareng koela sakantja medal saking palaboehan, ladjeng teroes dipoenobengi bèndi sakatahing bèndi roda kalih banipoen karèt „ritsjoer”. Inggang narik singkèt. Wah kèmpolipoen ta mentes-mentes, metèkol-metèkol! Pantjenipoen koela inggih koemedah-kedah badé noempak, nanging sareng koela gagas-gagas radi pandjang: kok mesakaken, mesa boten tegel! Koela ngeloes dada sarwi ngoenandika: „È, è, wong golèk doewit ora koerang meral!”

Sarèhning tèmponipoen tesih radi katah koela sakantja ladjeng njéwa taxi perloe badé moebeng-moebeng ing Singgapoer. Taxinipoen inggih saé-saé, nanging autobusipoen alitalit, awon-awon, toer ketingalipoen radi reged. Ananging bab pranataning margi saé sanget. Saben prasakawanan, oetawi pratigan, dipoentanemi oepas (sampoen letterlijk lo!) ingkang mranata mlampahing toto-tokonipoen kotor-kotor sanget. Tojanipoen angganda H. 2 S. (zwa-velwaterstof) alijas tigan wokan. Bab regining barang-barang, kados-

ta tjita-tjita, toedoeng, rangkepan lan sapanoenggilanipoen langkoeng mirah tinimbang ing Betawi. Déné sebabipoen: margi Singgapoer poenika vrij haven; tegesipoen tanpa mawi invoerrechten. Nanging manawi invoerrechten. Nanging manawi teroes mlebet kita dangoedangoe grijanipoen selot saé selot saé. Marginipoen èjoep, resep, kanaan-kèringing margi kekajon ageng-ageng kadosdéné kenari. Wah, ngresepaken sanget! Ing kitanipoen wonten plantentuin-ipoen, kadosdéné Buitenzorg, malah montor lan sanèsipoen tetoempakan saged loemebet. Ing satengahing pakebonan waoe, wonten logemènipoen. Mila inggih loemajan sanget, saged temboeng Inggris sakedik kalih kedik; ladjeng saged witjantenan, saged takèn-takèn. Tetjanganipoen ing ngrikoe, tijang priboemi, ingkang kénging kagolong tijang Mlajoe, roemaos koela gagah-gagah, wolak-walik kalijan ing tanah Djawi. Liripoen makaten. Koelinipoen ingkang katah-katah tijang Indoe, tjemeng-tjemeng mawi oebel-oebel serban petak toewin singkèk-singkèk. Inggang mandori ingkang katah-katah, tijang Inggris oetawi tijang Mlajoe. Tijang priboemi ing ngrikoe roemaos koela inggih katah aosoepoen.

Koela njipati tatanan kados makaten waoe, ladjeng soemedot, delag-deleg anggagas: „Gèk mbèsoek kapan baé, tatanan kang kaja mangkono maos bisa toemolar tekan ing tanah Djawa. Jèn ing Singgapoer bisa kaleksanan, mokal banget jèn tanah Djawa ora bisa!” Makaten waoe namoeng panginten koela, lo. Sampoen lebet-lebet anggènipoen anggagas! Palaboehanipoen wijar sanget. Baita ageng alit, tjampoer adoek, sami pating tlètjèk ngebaki palaboehan. Djam 12 baita pangkat saking Singgapoer. A. K.

Rembagipoen Klantoeng ing „Sedya Tama.”

Ontjen koela ing Sw.T. minggoc kapengker, angrembag prakawis kangsaran ing Merapi kalijan gotrah Katolik. Karangan poenika, dipoen-podjok collega Klantoeng ing Sedio Tomo.

Sasampoenipoen angandaraken soeraosing karangan koela, saodera Klantoeng ladjeng tjarijos makaten:

Patjar Merah boekan marah kepada orang jang bodo-bodo itoe, tetapi kepada orang jang menjarkan warta itoe, sebab menoeroet pendengarannya, tersiarja warta itoe sebab memang . . . ada jang menjarkannya, jaitoe orang jang bentji kepada Katholik . . . . . Begitoe katanja.

Klantoeng boekan partai Katholik tetapi sebab mempoenjai banjak tepo sliro. Klantoeng toeroet merasa geli membatja toelisan itoe. Tetapi Klantoeng tidak pertjaja, kalau tersiarja kabar itoe lantaran asoetan m e l o e l o e .

Sebab asoetan [dengan semboenjan], dari seorang doea orang sadja, tidak akan djadi tersiar begitoe loeas dengan sebetaran begitoe.

Di Djokja djoeja tersiar kabar, katanja orang jang mati kena lahar sebagian besar djoeja kaeom Katholik . . . . .

Klantoeng djoeja ingat, waktoe terdjadi bahaia gempu di Wonosobo dahoeoe. ada seorang jang ternama bilang dalam openbare vergadering, katanja sebabnja gempu ngamoek itoe karena pendoeoeknja terlaeoe dosa, sebab tidak beribadat kepada Toehan.

Kabarnja pada djaman dahoeoe kala, djamanja Nabi Noeh, doenia telah diredam air oleh Toehan, jang disebabkan karena pendoeoeknja banjak menanggung dosa.

Kollega Patjar Merah tentoe tidak akan menjangkal itoe tjerta dalam Bijbel, boekan? Tetapi berdosa dan berdosa boeat djaman sekarang ada doea matjam.

Doeloe, orang berdosa sebab tidak beribadat kepada Toehan, tetapi sekarang, dibelakang perkataan „beribadat kepada Toehan” itoe dengan ditambah lagi perkataan „setjara . . . . .”

Ini punt-punt, tidak mesti isinja, sebab jang satoe menjalakan jang lain, masing-masing menoeroet kepertjajaannya sendiri-sendiri.

Djadinja, kalau kollega Patjar Merah ada anggapan, bahwa orang jang tidak beragama Katholik itoe berdosa, lebih baik djangan marah, kalau ada orang jang bilang Njai Roro Kidoel maoe membsami kaeom Katholik, jang dianggap berdosa . . . . .

Meskipun begitoe, toch Klantoeng toeroet merasa menesal, kalau betoel tersiarja kabar itoe memang diorganiseer dari pihak tegenstandernja Katholik, sebab mengasoet kepada orang bodoh sematjam itoe adalah soeatoe tindak jang onridderlijk.

Sadèrèk Klantoeng tjekap koela atoeri katrangan ing ngandap poenika.

a). Koela angaosi pamanggihing sanès, inggih sanadjan pamanggihing waoe boten koela gejaa babar pisan. Poenika dadasar ingkang koela anggè sangoe gesang, sasrawoengan kalijan tijang katah. Mila, koela inggih angaosi pamanggihipoen kadang Islam, Protestant, lan sanès-sanèsipoen.

b). Wataking tijang temtoe mropagandakaken darbèkipoen oet. gègèmbolanipoen pijambak. Jèn saodera Klantoeng wadya bala neutral, mesti inggih propogandah madyastanipoen (neutralipoen). Semanten oegi golongan Islam, Kristen, lss.

Nanging, . . koela sengit sanget dateng tjaraning propogandah ingkang mawi ngawon-awon gadahanipoen sanès. Concurrentestrijd pantjen kedadah wonten. Nanging lampahing concurrentie, kedah mawi tjara amboektèken leresing pamanggihipoen. Ingkang makaten waoe, saged kalampahan, tanpa mawi ngawon-awon. Prakawis poenika kerep koela adjengaken wonten Sw. T. ngriki.

Éwadéné, collega Klantoeng kedah oegi ngèngeti temboeng fanatiek. Ing kalangan Katolik, Islam, Nationalist, . . . . . inggih wonten wawatekan fanatiek waoe. Kados-poendi tandang-randoekipoen tijang fanatiek poenika, collega Klantoeng mesti sampoen mangertos.

c). Klantoeng mesti inggih ngroedjoei pamanggihing koela bilih ing kalangan kita poenika taksih katah ingkang loemèngkèt dateng goegon-toehon. Lan, goegon toehon poenika ngrerandati kamadjengan. Mila, golongan Islam, Kristen, Nationalisten, inggih sami ngoedi itjalipoen kawontenan poenika. Serat kabaripoen collega Klantoeng pijambak inggih naté isi seratan merangi tachajoei.

Pamanggihing njai Roro Kidoel, poenika terang pamanggihing tachajoei. Mila Klantoeng mesti badé poeroen sasarengan njamboet damel kalijan

Patjar Mérah toemandang angitjali prakawis poenika saking sakedik.

d.) Patjar Mérah boten gadah kajakinan bilih ingkang boten ngrosoek Agami Katolik poenika (mesti) dosa. Djer tijang dosa poenika pinanggih wonten Agami poenapa kémawon. Dados ing kalangan koela pijambak inggih wonten ingkang dosa. Nanging, koela gadah kajakinan bilih Agami Katolik poenika ingkang leres. Mila inggih leres pangandikanipoen collega Klantoeng . . . . . Patjar Mérah boekan marah kepada orang jang bodo-bodo itoe, . . . . . enz.

e.) Klantoeng amitoetoei: „. . . Djadinja kalau kollega Patjar Mérah ada anggapan bahwa orang jang tidak bergama Katholik itoe berdosa, lebih baik djangan marah, kalau ada orang jang bilang Njai Roro Kidoel maoe membsami kaeom Katholik jang dianggap berdosa . . . . .”

Panoewoen koela dateng pitoe-toer pandjenengan! Nanging kamas Klantoeng koela atoeri ngèngeti ingkang kaseboet ing d lan c.

f.) Meskipun begitoe, toch Klantoeng merasa toeroet menesal, kalau betoel tersiarja kabar itoe memang diorganiseer dari pihak tegenstandernja Katholik, sebab mengasoet kepada orang bodoh (curs: Patjar Mérah) sematjam itoe adalah soeatoe tindak jang onridderlijk.”

Matoer noewoen malih dateng pangandika pandjenengan ingkang semanten. Mijn eere saluut dan, Klantoeng mijn beste vriend!

Dados rembagipoen kantoen aniti priksa njata lan botenipoen pawartos ingkang koela piring waoe: i.p. . . . „saking pandamelipoen péhak ingkang sengit dateng Katolik”.

g.) Klantoeng boten ngandel bilih soemebaring pawartos poenika margi mligi saking pangodjok-odjok oet. asoetan. Djer manoe pamanggihipoen, asoetanipoen tijang satoenggak kalih kanti dedemitan, boten badé sakedap kémawon saged soemebar angambra-ambra.

Sampoen mesti kémawon soemebaring pawartos waoe boten namoeng margi pandamelipoen golongan anti Katolik (—manawi temen wonten ingkang toemindak mangasoet—). Raos goegon toehon poenapadéné boter senengipoen tetijang pijambak dateng Katolik, poenika inggih toemoet anjanteraken soemebaring pawartos. Mila ing Ontjen waoe inggih wonten ingkang moengel: „andjalari tetijang sakiwa tengen Moentilan saja sengit dateng Katolik; . . . . .” Saja ngandelaken raos goegon toehon . . . . .”

Klantoeng gadah kajakinan boten pitados manawi propogandahipoen tijang satoenggak kalih toer kant dedemitan sakedap kémawon saged ngambra-ambra kados makaten.

Nanging, . . . . . poenapa collega Klantoeng kesoepeñ pawartos tijang ing Betawi sawatawis woelan saking ingkang andjalari kekesipoen kalialit ing Betawi? Kala semanten poelisi ngoeroes madosi tijang ingkang aminihi damel pawartos waoe, sarta inggih katjenging. Enget koela lalampahan poenika kaseboet wonten serat kabar Bintang Timoer, nanging nomer pinten boten koela tjateti.

Tjekak, kita badé soemerep njata poenapa boten bilih prakawis poenika saking pandamelipoen golongan anti Katolik. Manawi boten, i . . . . . soekoer. Nanging, koela tjate ngriki, salebetipoen sadasa koela wonten Moentilan, boten mireng tjatjrijosan kados maoe saking volk Moentilan. Ingkang tah-katah namoeng tjarijos: „Kristen, nèk mati bakal dadi léng . . . . .”; boten wonten ing asoeraos pastoeran Moentilan . . . . . long golèk kentjana saka Merapi moelané saiki Merapi moering-moring, pastoeran arep dileboer.”

Kumuningsaselé 4 Januari '31  
Talim: Patjar Mérah.

mel radi kasar. Remenipoen ngesak vulpen lan potlot (Everhard), fantasie-zakdoek; boten poeroen dados kenèk tk. kadjeng, pandé, tk. batoe. Poenapa pangintenipoen sampoen wasis ing samoeakawis? awit sampoen naté sinaoe: Zoölogie, botanie physica, gymnastiek, handenarbeid (sic) . . . . . lan kleinhandel. (om te gieren!!)

Th. M.

OERAP - SARI.

KABAR KATOELIK.

„Union Catholique des l'Etudes internationales.”

(Uni katoelik perloe njinaoe prekawis internasional).

30 Nov. '30 ing Parijs sampoen mélingi madegipoen Uni Kat. poenika sadasa taenan.

Uni Kat. poenika madegipoen saking sogokanipoen Zwitserland lan Parangakik nalika Volkenbond wonten ing Geneve wiwit ndados, prabawanipoen Loge wonten ing Geneve wiwit ndajani, poenapa déné ing Roeslan poen comunisme ngréka-ngréka njebaraken wewatonipoen, ingkang ndrawasi poenika, dateng saloemahing djagad.

Sanalika kémawon wonten tanah enem ingkang ngroedjoei.

Ingkang dipoentoedjoe: njinaoe prekawis internasional mawi ngémoeti wewaton Katoelik. Saha ngoedi soepados djagad Katoelik toemoetangrembag poenapa ingkang dipoentindakaken ing Volkenbond:

1e. ndjlimet mawas pijambakan bab prakawis internasional lan njekani wawasan manoe piwoelang Kat.

2e. Ladjeng medal soeka rembag dateng organisatie-organisatie-nipoen Volkenbond perloe njomerepaken ing prakawis mawarni-warni poendi ingkang dados wawasanipoen Katoelik. Sadaja kasanggihing pijambak, boten mawi ngèmbèt-èmbèt K. S. Bapa.

3e. Ngoedi soepados tijang Katoelik oegi njomerepana poenapa-poenapa ingkang kelampahan ing Geneve; awit ing ngrikoerep wonten oesoel-oesoel ingkang nggepok gotrah Kat.

4e. Ngoedi tembajatan kalijan sok tijanga ingkang sanadjan boten Kat., nanging ngaosi dateng agami Kat., sarta ingkang mangertos pentinging kasoosilan kanggé mangsoelaken katentreman.

Anggènipoen nindakaken: Warganing Uni njinaoe lan mawas wonten ing tjabang nasional, — ing sapoenika sampoen wonten 11 — oet. ing commissie internasional prekawis-prekawis ingkang dipoenoesoelaken ing Algem. Vergadering oet. Bureau internasional. Manawi sampoen sarodjoek lan pantes kaesoelaken, ladjeng dipoenwontenaken document ingkang ladjeng kaesoelaken dateng secretariatipen Volkenbond, Arbeidsbureau internasional oet. organisatie internasional sanès.

Lampah makaten poenika awis tanpa pitoewas, lan ingkang sampoen kenjataan: poenapa, ingkang dados wewaton lan wawasanipoen gotrah Katoelik, sapoenika kasoemerepan ing kalangan wijar.

Langkoeng katah paedahipoen, déné katah warga Uni ingkang toemoet ngadani wonten ing Geneve. Makaten poenika andjalari loemebetipoen poetoesan-poetoesan dateng kalangan langkoeng wijar, angsal tjotjoganipoen saking golongan sanès, malah asring oegi dipoentampi.

Reynold, pangarsaning Uni, sampoen kerep lawutan kalijan commissiening „Institut de Coöperation intellectuelle,” ingkang madeg saking Volkenbond; klajan mawi pitoewas. Katah warga ingkang dados warganing commissie, ingkang ngrembag bab prakawis social lan pedamelan wonten ing Geneve. Lan prekawis nèm-nèm, panggoelawentah, panjowaking slavernij, ingkang awoedjoed poenapa kémawon, tjekak: prakawis ingkang dados otot-ototipoen, aksi katentreman internasional oegi toemoet tjampoer wawasan klajan mawi angsal-angsalan.

Sampoen wonten 2 taen, jèn pinoedjoe Volkenbond nglempak, dipoenwontenaken minggoc Katoelik internasional (Katholieke internationale weken). Inggih poenika ingkang dados propogandanipoen Uni pengpengan. Dajanipoen minggoc-minggoe poenika déné sebaenipoen.

Madegipoen Uni poenika mawi dipoenroedjoei sanget ing Kardinal Ametti, K. Maha Biskop ing Paris, Kardinal Bourne lan Kardinal Mercier; lan papanipoen ing Parijs oegi.

tara ngombjongi: satanah Djawi njebar padepokan, tekloek-tekloek tjekoh-tjekoh tindak in-se-pèk-si. Lo, wong njatanipoen makaten kados-poendi malh . . . . . poen magang djoernalis sadremi mèngeti.

Sadèrèk! Poenapa boten njata atoer koela? poenapa keladoeken? Boten. Jèn kita tansah moelat boten badé pedjah keplèpèt, waton awas lan tjokat boten branganan lan trojtjoh!

Sinten soemerep jèn dinten wingking kantja Indonesia saged njabang industrie saking Belgie kanggé gantosipoen industrie mbatik?

Poenapa Andaja gadah rantjangan maton? Gadah! namoeng kaimboe roemijin ngentos! wekdalipoen, awit toena doengkapipoen saged saja medjahi sedèrèk pijambak, nglemakaken lelawanan kita. Alon, djanma tan kena enz.

Sampoen deg-degan para maos, Andaja boten njimpen prakawis wados!

Sampoen keladjeng njeboet mbatik, tjobi bab poenika kaeoer sawetawis. Kanggé koela ngoegemi sanget bab evolutiewet; toekoel, ndedel, soeda, mati! Mekaten oegi panggaotan mbatik. Moebal malih temtoe boten saged, awit ingkang mbatahaken saja soeda saja soeda. Terang! Menawi Indonesia akal: padosa kémawon lintoenipoen! importeur saking pakarjan mantja: ingkang gampang, ateges saben tijang saged; lan ingkang temtoe kanggé, ateges saged soeka pedamelan loemintoe.

Lah poenika dados penggalihan, kapadosana: ngoengaka tanah mantja! atak-atoeng mbokmenawi mranggoeli: pari basan pados mantoe oetawi patjangan, rembag 7 taen boten dados, sarengan nglajjat dados djodo! poenika boten kirang; sampoen ketjoekangan noetoeti tijang badé pedjah (panggaotan mbatik), padosa gantos canès. Saminipoen pruiemenmakers ing Europa, poenapa kapoerih adjeg gesang? boten! Gantosipoen ladjeng njamboet damel ing pabrik montor, piet, montor maboer, pamelikan areng séla lss. Sampoen doemèh pamaréntah damel Batik-Commissie! kita kedah langkoeng sanget anggèn kita ngrembag betah kita pijambak!!

ANDAJA.

NANDANGI ANGÈL, NGOMONGAKEN GAMPIL.

Sadèrèk-sadèrèk ingkang sami kersa njerat wonten Sw. Tm. bab „economie” sampoen katah, sarta manoe andaran-andaran waoe, tetela katah para kadang R. K. ingkang oegi toemoet-toemoet nandangi econominipoen. Nanging sedaja-sedaja waoe namoeng saweg theorie, lah practijkipoen kados - poendi?

Sadèrèk Andaja temtoenipoen saged moendoet barang-barang dateng

fabriekipoen pijambak oepami djam, gramofoen, fiets, bedil enz. (zie dangangan toko Setia of Oesaha). Dados kadjeng koela ngedegaken toko pijambak. Kapitalipoen oepami njadé andeel. Firma Setia lan Oesaha poenika kados inggih mekaten, poenapa kita boten saged? Poenapa kita boten langkoeng kénging pinitados??? Roemijin P. P. K. D. kados oegi damel bebadan ngrembag bab economie. Doemoegi sapoenika sampoen awoh poenapa? Ing Jodja goemeder ramé ngrembag bab waoe, saweg sami ndeder widjinipoen, ning sepriki dèrèng sami toekoel. Kilap jèn teksih sideman. Bok mangga sadèrèk gèk tjak tjek toemandang, selak kawon roemijin, tjonto oepami:

Roekti-Woeri boten énggal dipoentandangi, poenapa sampoen gadah jatra éwon? Temtoe dèrèng, menawi sepriki inggih namoeng rembag, kepara malah moesna.

Sadaja padamelan lan actie poenika menawi boten énggal dipoentandangi, ngadat namoeng mandeg rembag tok. Mila gampang ngodjahaken, nanging angèl tijang nandangi.

Pramila para gemblèngan para djempolan para pangandjoer soemangan énggal nandangan atoer koela waoe. (Panjerat sagah mbijantoe lan sagah kangèlan. Oepami sampoen gadah kapitaal, menawi sampoen moedjoedi ingkang koela atoeraken poenika.

Wekdal poenika brikib-brikib saweg saged njadèni meubels kanti regi miring sanget, manggèn ing wingking masjid (bakmèn pak Kombor) Danoeerdjan, sagah nampi sawarining modèl, oegi sagah njakèken plitoeran modèl gilap). Mangga sinten kersa njobi?

Panjoeuwen koela moegi sami kelrsaa ngapitali jejasan poenika, koe a trimah dados pengoeroes. Poenika jèn ageng oegi saged njekani damelan sadèrèk R. K. wedalan Ambachtschool. Kagaliha menawi kita sami temen-temen ndandosi economie kita lan ngémoeti „tinimbang bati setitik digawé ngisèni weteng Tionghoa of Landa rak loewih betjik diisèk ké bangsané déwé”. Meubels poenika oegi katah tebanipoen, ratjak sadaja sadèrèk betah. Grédja-Grédja, kapèl-kapèl, sekolahan, enz. sigeg.

Malih poenapa sadèrèk-sadèrèk (of kempalan) oeg: sampoen wonten ingkang nandangi damel séwan bekakas? Oepami sampoen, temtoe sampoen katah oentoengipoen. Jèn dèrèng kados-kados poenika bebahanipoen K. W. Sarta malih gandèng bab katahing kempalan-kempalan. Poenapa sadèrèk boten betah soos. (Jodja) wangsoelan (betah, ning sarèh roemijin, oeger economie djempol, soos wonten pijambak).

Ing wasana sepisan engkas kagatosna atoer koela (sampoen mriksani tjangipoen, ning atoer lan tandangipoen kapriksanana). Mintak sama.

poen  
A. M. H.

SEKOLAHAN.

Serat ing ngandap poenika PENTING SANGET. Moegi énggal noewohaken tékad loehoer. Red

Ambon 8 Dec. 1930.

Rebat tjekap, badé njelani sake-dap. Sarèhné sekolahan H.I.S. énggal ing Ambon meksa dèrèng angsal goeroe, koela ladjeng koemedah-kedah damel propoganda malih. Tjobi wonten ginanipoen poenapa boten.

Sepisan: betah goeroe Katholik Djawi, diploma kweekschool, prajogi ingkang sampoen krama.

Kakalih: Missie maringi soemerep predjandjianipoen; inggih poenika:

a. Ongkos baita, sepoer oetawi taxi ingkang tanggoeng missie.

b. Blandja tetep lan kaparingan toeslag f 25. Menggah garwanipoen inggih kagoengan diploma Fröbel-kw.-sch., toer kersa ngasta klas, langkoeng prajogi malih. Blandja tetep manoe toepermèn, toeslag oegi f 25.

c. Barang prakawis grija-tojalampoe l. s. p. temtoe kémawon „particulier.” Sadèrèngipoen koela njaosi pirsu, menawi sampoen kersa saèstoe, koela atoeri énggal-énggal njaosi kabar Pastoor Smits ing Ambon. Prajogi, telegrafisch bericht, ongkosipoen Pastoor kersa mbajari. Prajogi oegi njoeuwen toeloengan ipoen Redactie Swaratama, soepados sampoen ngantos langkoeng saking satoenggak, tiwas ngetjèh-etjèh ongkos mangké. Sinten ingkang roemijin pijambak njaosi kabar „kersa,” inggih poenika tjalon apostelipoen Molukken. Éstoe koela atoeri manggali ingkang „mateng.” Pisah sanak-sadèrèk, mitra-mitra, kèsah saking woetah rah sawatawis taen kanggé mentjaraken agamanipoen Sang Kristoes, toer saged pirsu mantja Molukken, tapak tilasipoen Santo Franciscus Xaverius.

Atas namanipoen missie Ambon. X.

WONTEN POENDI LEPATIPOEN?

Sinten inggih ingkang kersa damel wawasan, babagan woelangan lan wohipoen sek. angka II ing djaman sapoenika kataandjing nalika 20 taen sapriki; menawi sinawang kok kados moendoer. Laré-laré djaman semanten kok langkoeng saé. Mangka goeroe-goeroe djaman semanten namoeng koersoes goeroe bantoe kémawon; hla sapoenika? Normal, Kweekschool oetawi. . . . . plorotan schoolpziener. Nitik pasinaoning goeroe, genah saé sapoenika. Dosoendi kesagedaning laré malah „omgekeerd evenredig.”?

Para maos kinten koela wonten ingkang ngalami dados moerid angka II kawan-taenan. Moerid-moerid sami sinambi . . . . . saré, (daloe mentas main!) sinambi ngendikan; laré-laré namoeng kapoerih nggarap étang; malah menawi dèrèng rampoeng boten gantos woelangan.

Prekawis basa Djawi, étang, ilmoe boemi, lan ilmoe wangoen kados saé roemijin.

Nanging serat-serat saé-saé sapoenika, mantja warni; toer wekdalipoen sinaoe ngantos djam 1 1/4; 1 dinten 8 woelangan. Bab ilmoe-ilmoe memet sapoenika, oepami: ilmoe kéwan, ilmoe tetoewoehan, ilmoe alam, ilmoe boemi katjoendoekekaken kalijan . . . . . dedagangan. Goeroe-goeroe saben dinten kedah damel rantjangan (uitgebreid) lan saben minggoc rantjangan gram-bjangan.

Para sedèrèk ingkang kersa toer daggan mbèbèr pemanggih bab poenika, mangga koela atoeri damel wawasan, lan wangsoelan pitakèn nginggil waoe. Awit raos-raos wohing angka II dèrèng maremaken. Malah laré-laré ingkang sampoen medal sami lingsem njamboet da-

CORRESPONDENTIE.

— Sadèrèk J. Koes, H. Tjitra, P. Raqil, ingkang sami kintoen pakabaran bab redi Merapi. Koela matoer noewoen lan ngaosi sanget dateng pakabaran pandjenengan. Nanging, kabar saking pandjenengan prijantoean tiga kepeksa kita tjekak, dados kados ingkang sampoen kawrat ing Sw. T.

— Sampoen tampi karangan-karangan saking: abn. 722, Saraita, S. ing Png., Andeng-andeng podjok lambé. Sanget noewoen!  
— C. S. Hardjapawira, kita dèrèng tampi arta kintoenan saking Pastorie Poerwardja.  
— Abn. 771. Kados makaten poenika mitoeroet tjatetan kita. Déné jèn badé ngeksa tjatetan pandjenengan, inggih soemangga.

— Secr. K. W. Klantén, poenika badé kita padosi roemijin. Dados karsaa ragi Sra Sadèrèng lan sasampoenipoen matoer noewoen. Adm.

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

**DJOKJA BANDOENG**

Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja

**SWARA TAMA,**

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

**BYTA**

Inggih poenika barang tjowèr, pirantos kanggé ngitjali tjet, tir, pernis, plitoer, tindjanen lsp. Oegi kènging kanggé ngresiki djobin marmer, djobin semèn lan djobin tégel.

Damel resiking barang girahan tanpa mawi dipoenkoembah.

Saben 1 gendoel sarékanipoen nganggé f 0,35. Mawi dipoenwadahi ing drum tosan sarta mawi toetoe sekroep, netto 125 K. G., ing 1 K. G. mipoen f 0,30. Oeliran kanggé drum waoe saben 1 f 1.—

**Verffabriek R. B. FRIELING.**

GONDHOMANAN 80 DJOKJA.

Boeat toean poenja

**ERCEE**

**Receipt<sup>2</sup>**

**APOTHEKEN**

**Rathkamp & Co**

**MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.**

**Toko DJOEN & Co., Djocja.**

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannya.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electricies, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat

**Toko DJOEN & Co.**

**TOKO BARANG - BARANG**

**H. SPIEGEL — Djokja.**

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.

Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer; Kereta dan korsi boeat anak - anak; Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan — permainan boeat anak - anak ketjil. —

**SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!**

**AGENT**

**BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.**

**Speda - speda merk:**

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER. HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin. TOURIST: AA dan A.

**Ada sedia djoega speda merk:**

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.

Apalagi sedia djoega speda jang sedikit hargaanja, moela f 55.—, f 65.—, f 75.— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak. Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjet wenter.

**PENDJOELAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.**

Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:

**Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij: WIRJOSOESENA**

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

Poenapa poenika déde organisatie peng-pengan? Sdr. Kat. Djawi kèping mongkok! Nanging karsaa oegi noelad dateng sadèrèk pandjenengan poenika anggènipoen adada damel organisatie!

**Sabda dalem I. S. Pius XI.**

Kala Kerstmis, ngarsa dalem I. S.K.S. Bapa Pius XI medar sabda wonten ngadjengipoen para kardinal soeraosipoen boten narimahaken sanget déné *propaganda anti-Katolik saking golongan Protèstan* sangamabra - ambra, malah ngantos oemoegi Roem pisan. Kawontenan makaten poenika njoelajani bedamèn kateranen.

Dipoendawoehaken, sakedap ma-

lih badé wonten encyclic bab idjab tjampoeran (Katoelik idjab kalijan tijang déde Katoelik).

Ngarsa dalem moendoet soepados tetijang Katoelik lestatoena njembahjangaken missionaris-missionaris ing Tiongkok ingkang sami kinoeja-koeja.

**Dipoenloewari.**

Saking Peking kawartosaken: Imam 4 lan Zuster 5 ing Tiongkok ingkang kala 4 Oktober dipoen-tawan tetijang komis, sampoen dipoenloewari. Imam-imam waoe asmanipoen: Thieffry, Barbato, Capozzi, lan Peroni. Déné para Zuster waoe: Marie Leport, Larmichant, Merle, Regnoni, lan Ramos.

**PANGKAT**

**Adj. SCHOOLPZIENER.**

Anglorodaken dradjad goeroe.

Saking V. B. P. G. H. B. koela tampi serat makaten:

**Rapat verbondsbestuur P. G. H. B. genap.**

Diadakan pada tg. 31 December 1930 di Soerakarta.

Rapat tsb. telah terdjadi dan di-koendjoengi oleh Gedelegeerden dari segenap aangesloten Groepsbonden, jalah:

1. Hoogere - Kweekschool - Bond. H.K.S. Bond. 2. Perserikatan Sch. Opzieners. (P.S.O.). 3. Kweekschool Bond. (K.B.). 4. Perserikatan Normaalschool (P.N.S.). 5. Perserikatan Goerpe Ambachtsschool (P.G.A.S.). 6. Perhimpoean goeroe Bantoe (P. G. B.). 7. Perserikatan Goeroe Sekolah Desa (P.G.D.).

Bersatoe soewara (unaniem) mengambil poetoesan sebagai berikoet:

- a. Adanja pangkat *Adjunct School-opziener* akan merendahkan positie goeroe-goeroe jang terkena.
- b. Pada oemoemnja pangkat *Adj. Schoolopziener* itoe akan memperdjelekkakan nasib goeroe-goeroe.
- c. Adanja pangkat *Adj. Schoolopziener* akan dapat menjadi azas *mempercerahkan* penghargaan goeroe-goeroe soemoemnja dan teroetama *Corps S.O.*ers.
- d. Verbondsbestuur segenap 7 boeah aangesloten Groepsbonden *mentjela sekeras-kerasnja dan tidak setoedjoe sama sekali* kepada adanja pangkat *Adjunct-Schoolopziener*.
- e. Barang siapa anggauta *Verbond* dan /atau salah satoe anggauta aangesloten Groepsbonden *menerima* pangkat itoe, akan *dikelearkan* (geroyeerd) oleh *Verbondsbestuur* dan atau oleh *Segenap Aangesloten Groepsbonden*.

**Konggrès Padvinder.**

Ing Mataram.

Ing Mataram wiwit tanggal 23—28 December wonten konggrès Padvinder sapisanan, konggrèsipoen pakempalan padvinder Kepandoean Bangsa Indonesia. Tanggal 23 December dipoentapoekaken sarana parepatan oemoem wonten Djajadi-poeran, kadatengan wewakiling pakempalan-pakempalan 38 warni, lan tjabang K. B. I. 14.

Mr. Wirjana sosorah bab wadjibipoen para anèm Indonesia dateng maatschappij, mawi narijosaken bilih panggoela-wentah saéning boeboedèn langkoeng perloe tinimbang panggoela-wentah pikiran.

Ki Hadjar Dewantara ngrembag panggoela-wentah adadasar kabangsan mawi njela para nénéman ingkang memend dateng Kilénan. Kénging kémawon niroe, nanging ingkang dipoentiroe kedah ingkang saé - saé. Sarta sadaja - sadaja kedah kalarasaken kalijan kabangsan, djer Kilén poenika Kilén, Wétan poenika Wétan. Kadjawi poenika oegi natjad

para anèm ingkang namoeng ngimpi-impimpi pandamelan seratan. Inggih makaten poenika-ingkang ngatahngatahi tijang nganggoer. Mangka leresipoen nganggoer poenika pantjen boten saged, djer saweg tjetjak kémawon tansah gadah pandamelan. (Inggih makaten poenika wohipoen onderwijs ingkang dasaripoen mlèsèt kalijan kabetahaning bangsa!— Red.).

**MANTJA NAGARI.**

**Margi gagana ing tanah Wétan.**

Adjenging djagad kawroeh pantjen anggegiris. Tijang ngriki saged omong - omongan kalijan Australie, Djerman, Nederland. Nederland — Indonesia ingkang waoenipoen lampahan sawoelan, sapoenika saged doemoegi salebetipoen saminggoe.

Tétela sanget, bilih montor maboer sanget migoenani dateng padagangan, kékésahan lss. Kapal oedara saged nggampilaken lalajananipoen nagari pinten - pinten. Ing poendi-poendi pating djredoel wontenipoen maskapé montor maboer.

Toemrap hawana Asia inggih sampoen anggatosaken rembag montor maboer. Malah sawatawis taoen malih bokmanawi awang-awang ing Asia dados ramé sanget.

Kala 20 Febr. taoen 1930, maskapé montor maboer „Luffthansa” gadahanipoen Djerman, sampoen bedamèn kalijan kanajakan prakawis margi ing Nanking, sarta andjalari madegipoen maskapé montor maboer gadahanipoen Djerman kalijan Tiongkok, sarta maskapé poenika dipoensepoehi tijang Djerman, Duitsch-Chineesche-Luchtverkeersmaatschappij poenika waoe sasambetan kalijan montor-montor maboer Djerman. Adegipoen maskapé poenika sampoen mesti kémawon badé ambakoni margi awang-awang ing Tiongkok, ingkang ladjeng anggandèng Asia kalijan Éropah. Anggènipoen tjetjawis toemandang ing damel sampoen dangoe. Nanging kabekta saking kawontenan politik ing Tiongkok, saben-saben tansah dipoenoendoer kémawon. Rèhné sapoenika sampoen katingal boten wonten grendjèl-grendjèlipoen, mila inggih toemoent toemandang. Margi ingkang kaambah bokmanawi kémawon tjalon Shanghai—Peking—Harbin (Mandsjoerie). Harbin poenika doemoenoeng ing margi sepoer Transsiberi lan dados setajsioen wekasan dateng Tiongkok Kidoel. Wonten Harbin serat-serat ingkang kabekta saking Shanghai oetawi Peking kaladjengaken medal sepoer dateng Moskou. Saking Moskou katampèkaken montor maboer „Deruiuft” dateng Djerman.

Pangrèh pradja lan tetijang partikelir ing Mantsjoeri oegi anggatosaken sanget prakawis margi gagana, lan anggènipoen kagoegah manahipoen dateng prakawis poe-

nika, margi anggènipoen „Graf Zeppelin” lalana ngideri bawana. Mila inggih boten anggoemoenaken bilih ingkang dipoentengini tetijang waoe ngawontenaken kapal-maboer ingkang anggandèng Wétan kalijan Kilén. Inggih minangka endeg-endegan wonten margi „Harbin”. Dados kita Harbin waoe kasawang saking djagad awang-awang, tjalon ageng. Malah Harbin pijambak sampoen mirantos ngrantjang damel setajsioen internasional kanggé toetoempakan ing awang-awang, bokmanawi apes badé nelasaken waragad f 900.000.

Saking Berlin dateng Harbin poenika montor-maboer ± lampahan 2 dinten; saking Harbin dateng Tiongkok Kidoel: sadinten.

Djepang inggih boten tilem. Inggih dipoentengini inggih ngawontenaken maskapé montor maboer ingkang mlampah Djepang—Éropah Tengah.

Lampah gagana salebetipoen pradja Djepang pijambak, sampoen kamanah saé. Sataoen kapengker, nagari Djepang sampoen gadah margi awang-awang sakawan, i.p. 1e. Osaka—Fukuoka (500 K.M.) 2e. Osaka—Tokio (440 K.M.) 3e. Osaka—Sendai (370 K.M.), 4e. Osaka—Oita (425 K.M.), sadaja ing dalem saminggoe kaping tiga. Maskapé ingkang ngoewaosi margi awang-awang 4 waoe, kala taoen kapengker katetepaken pikantoe soebisidi 970.000 yen oet. ± f 1.200.000 salebetipoen sawelas taoen. Margi soebisidi waoe, nijatipoen badé maboer mangilèn, nedyo dipoentemnanani saestoe. Déné pawitanipoen maskapé waoe pijambak 10 mlijoen yen (± f 12 000 000). Para aandeelhouderipoen katanggal (déneg negari) pikantoe dividend 8%. Taoen kapengker maskapé ngedalaken arta 4 mlijoen kanggé ngelar palaboehan awang-awang Tokio, Fukuoka lan Tsushima. Tjalonipoen oegi wonten indak-indakan margi-gagana dateng Soeul lan Dairen. Saking ngrikoewonten margi dateng Mukden lan Mandjoerie Lèr dipoentambah saminggoe kaping nem. Margi gagana dateng Shanghai ingkang dadosipoen bokmanawi sareng kalijan margi-gagana énggal waoe, wiwitanipoen badé kaambah saminggoe kaping tiga.

Nitik ing nginggil poenika tétela bilih Wétan anggegogèet manah prakawis montor maboer. Lan sakedap engkas, Wétan kalijan Kilén dados tjelak . . . Lan, ing Indonesia ngriki koela soemerep K.N.I.L.My angregantjang andapani awang-awang Indonesia—Nederland—Indonesia.

Kita soemerep kawontenan poenika, sapoenikanipoen namoeng njawang lan prihatos. Nanging poenapa awonipoen manawi koela ngadjèng-adjèng wontenipoen maskapé montor maboer tjap Indonesièr.

**KABAR OEMOEM**

**INDONESIA.**

**Kanggé kasangsaran Merapi.**

Administratie Sw. Tm. sampoen tampi saking:

Comité Katholik Djawi, Soerabaya f 12,23.

Moerid-moerid sekolah II Kentjong, Djember f 4,42.

Inten malih?

**Koerdanipoen Merapi.**

Bandjir ageng.

Kala Djemoewah kapengker lèpèn Pabelan, Lamat, Blongkèng, Batang, bandjir ageng, ambekta lendoet lan sèla, sakelangkoeng ngadjèh-adjèh. Pasabinan katah ingkang keleben. Tetijang ingkang adjèh, sami loemadjen ngogensi. Pastroeran Mtn. inggih kalebetan toja, nanging boten andadosaken sabab. Kreteg-kreteg gogos moetawatosi, mila kala lan dipoendandosi, montor bis kènging ngambah ing ngrikoewonten ingkang noempak trèm wonakret teg ngrikoewonten sami medak, pah roemijin. Kreteg lèpèn lan sawétan doesoèn Mendoet

nawi taksih badé wonten bandjir langkoeng ageng malih.

Serat kabar dinten Slasa 1/1-31 poenika anjarijosaken: tetijang saged anggadahi pamanggi: *Moentilan perloe sanget djagi-djagi, awit katabah oetoeipoen risak déning bandjir.*

**Pitoeloengan dateng tijang nganggore.**

Ing Betawi madeg Centraal Comité kanggé mitoeloengi tijang nganggoer. Komitè waoe badé amboedidaja adegipoen fonds f 100.000 kanggé mitoeloengi tijang nganggoer margi pangiridan. Sadaja kantor Ned. Handel Mij. ing Indonesia sagah nampi arta pandjoeroeng ingkang ladjeng kalantaraken dateng Centraal Comité. Inggih dados warganipoen para prijantoe ageng Walandi kadosta warga R.v.I. L.H.W. Sandick, voorzitter; president Javasche Bank; Mgr. van Velsen Biskop ing Betawi, lss. Warganipoen bangsa Indonesièr R.T. Achmad, regent Betawi; warganipoen Tiongkok h. KhouwKim An, Major Betawi.

Margi warganing Centraal Comité waoe bangsa warni<sup>2</sup>, milanipoen kènging dipoenpestèkaken, jèn anggènipoen nglampahaken pitoeloengan boten mawi mawang bangsa. Rak inggih makaten, ta!

Centraal Comité ngangkah soepados ing poendi-poendi wonten Steun Comité kanggé mitoeloengi tijang nganggoer margi dajaning malaise.

**Weltevreden — Batavia Centrum.**

Wiwit tanggal 1 Djanoewari '31 Hoofd Post- en Telegraafkantor Weltevreden kagantos nama: **Batavia - Centrum.** Kantor-kantor pos alit satjelakipoen ngrikoewonten dipoennamani: Batavia—Gondangdia; Batavia—Kramat; Batavia—Molenvliet; lan Batavia—Tanahabang. Sampoen kasoepèn manawi damel adèrs serat!!